

**Pati ki bay enfòmasyon konsènan avantaj pou famasi ki nan manyèl pou manm nou an p ap valab ankò aprè 1<sup>ye</sup> avril 2023. Olye de sa, al gade enfòmasyon ki pi ba a.**

### **CHANJMAN NAN AVANTAJ POU FAMASI:**

Apati 1<sup>ye</sup> Avril 2023, MetroPlusHealth p ap kouvri preskripsyon w yo. Medicaid NYRx, ki se pwogram famasi Medicaid la, pral kouvri yo.

Pifò famasi nan Eta Nouyòk antre nan pwogram Medicaid NYRx la. Si famasi w la pa fè pati Medicaid, ou ka:

- Mande doktè w la pou l voye yon nouvo preskripsyon nan yon famasi ki nan pwogram famasi Medicaid NYRx la, oubyen
- Mande famasyen w lan pou l transfere yon renouvèlman medikaman nan yon famasi ki nan pwogram Medicaid NYRx la, oubyen
- Pou w jwenn yon famasi ki aksepte Medicaid NYRx, ale sou: <https://member.emedny.org>

Ou pral bezwen montre famasyen an swa Kat Medicaid ou **oubyen** Kat Asirans ou. Avèk sa a, y ap ka konn Nimewo Idantifikasyon Kliyan (CIN) ou an.

Medicaid NYRx gen yon lis medikaman ki kouvri. Medikaman ki vann san preskripsyon ak pifò medikaman yo sou lis la. Lis medikaman ki kouvri yo disponib sou: <https://www.emedny.org/info/formfile.aspx>.

- Gen kèk medikaman ki bezwen apwobasyon alavans pou yo ka bay yo. Lis sa a ap fè w konnen si yon medikaman bezwen apwobasyon alavans. Doktè w la ap rele pou l jwenn apwobasyon alavans.
- Si medikaman w lan pa nan lis sa a:
  - Doktè w la ka mande Medicaid apwobasyon pou l kite w pran medikaman an, oswa
  - Famasyen w lan ka pale ak doktè w la konsènan chanje yon medikaman ki sou lis la.

Plan famasi Medicaid NYRx la gen yon lis medikaman espesyal tou. Lis la disponib sou: [https://newyork.fhsc.com/downloads/providers/NYRx\\_PDP\\_PDL.pdf](https://newyork.fhsc.com/downloads/providers/NYRx_PDP_PDL.pdf).

- Si w bezwen yon medikaman ki nan kategori medikaman ki pa sou lis preferans lan, w ap ka jwenn yon renouvèlman medikaman sa a, y ap fè sa **yon sèl fwa** pou ou apati 1<sup>ye</sup> Avril 2023 pou rive 30 Jen 2023.

- Si w bezwen yon medikaman ki pa nan lis preferans lan, tanpri kontakte famasyen w lan oswa doktè w pou yo ka jwenn apwobasyon pou ou pou w jwenn medikaman sa a.

Sistèm kopèman Medicaid la pa chanje. Kopèman ou gen pou w peye a ka chanje si medikaman an nan lis preferans lan oswa si l pa ladan l.

Asirans pou famasi w la kouvri kèk materyèl:

- Gen yon lis materyèl ki kouvri ki disponib sou: <https://member.emedny.org/>.
- Gen yon lis ki gen aparèy pou kontwole sik ak bandaj pou fè tès ki disponib sou: [https://newyork.fhsc.com/downloads/providers/NYRx\\_PDSP\\_preferred\\_supply\\_list.pdf](https://newyork.fhsc.com/downloads/providers/NYRx_PDSP_preferred_supply_list.pdf).
  - Medicaid pral pèmèt ou fè **yon sèl** renouvèlman apati 1<sup>ye</sup> Avril 2023 jiska 30 Jen 2023 pou bandaj tès ki pa sou lis preferans lan.
  - Ou pral bezwen fè yon chanjman pou w itilize yon aparèy pou kontwole sik ak bandaj pou fè tès kounye a.

**Èske w gen kesyon oswa ou bezwen èd?** Liy Èd Medicaid la ka ede w. Yo ka pale avè w nan lang ou prefere. Yo disponib nan 1-855-648-1909 TTY 1-800-662-1220.

Yo ka reponn apèl ou:

- Lendi – Vandredi, 8 am – 8pm
- Samdi, 9am – 1 pm